



Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**AVAN DIZYÈM ANIVSÈ SIKLÒN SANDY A, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO BIWO POU KAY AK KOMINOTE REZISTAN POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT CHANJMAN KLIMATIK LA**

***Nouvo biwo pèmanan nan tout eta a pral kontinye efò rekiperasyon ak rezistans kominotè New York la k ap mennen nan peyi a***

***Pibliye rapò anivèsè 10 zan ki detaye pwogrè Biwo Rekiperasyon kont Tanpèt Gouvènè a jiska dat nan rekiperasyon Siklòn Sandy a***

***Li te anonse yo envesti 19 milya dola nan rezo elektrik plis pase 10 zan pou pwoteje Nouyòkè yo kont blakawout move tan yo***

Gouvènè Kathy Hochul te make jodi a 10èm anivèsè Siklòn Sandy nan anonse kreyasyon Biwo pou Kay ak Kominote Rezistan (Office of Resilient Homes and Communities), ki se yon nouvo biwo pou dirije efò rekiperasyon lojman ak rezistans kominotè New York la. Nouvo Biwo pou Kay ak Kominote Rezistan an pral bati sou travay Biwo Rekiperasyon kont Tanpèt Gouvènè (Governor's Office of Storm Recovery) a, ki te kreye an 2013 pou jere rekiperasyon alontèm Eta a apre Siklòn Sandy epi sipèvizè depans 4.5 milya dola nan fon federal pou rekiperasyon nan ka katastwòf ki founi pa Lwa 2013 sou Kredi pou Sekou nan ka Katastwòf (Disaster Relief Appropriations Act 2013) la. Antanke yon biwo pèmanan nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal HCR), Biwo pou Kay ak Kominote Rezistan an pral asime pòtfèy Biwo Rekiperasyon kont Tanpèt Gouvènè a epi fè patenarya ak ajans repons nan ka katastwòf Eta a pou dirije rekiperasyon alontèm pou kay ak kominote yo epi devlope yon seri inisyativ ak estrateji rezistan atravè Eta a.

"Ak nouvo Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, n ap franchi yon gwo etap nan direksyon pou pwoteje ak ranfòse New York pou jenerasyon k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sa gen dis ane, Siklòn Sandy te frape rivaj nou yo e te boulvèse lavi, kay, ak biznis anpil Nouyòkè, men gras ak premye sekouris brav nou yo, planifikasyon solid ki dirije pa kominote a, ak patenarya eksepsyonèl, rekiperasyon New York la te ekstrawòdinè. Administrasyon mwen an pral kontinye efò nou yo k ap mennen nan peyi a pou prepare pou pwochen evènman metewolojik yo, epi mwen pa ka tann pou mwen travay avèk kominote yo, patnè ajans yo, ak ofisyèl lokal, eta ak federal yo pou konstwi yon New York ki pi bon, ki pi solid, epi ki pi rezistan."

Gouvènè a te pibliye tou yon rapò 10èm anivèsè ki detaye pwogrè GOSR jiska dat nan kad efò rekiperasyon apre Siklòn Sandy a. An jeneral, anba direksyon GOSR, eta depanse 91 pousan nan alokasyon 4.5 milya dola li a atravè Pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè - Rekiperasyon nan ka Katastwòf (Community Development Block Grant - Disaster Recovery, CDBG-DR) Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing and Urban Development, HUD) Etazini an ki te fini plis pase 11,000 pwojè rekiperasyon lojman ak fleksibilite, epi bay sipò ak plis pase 1,000 ti biznis atravè New York. Eta a te envesti 19 milya dola tou nan rezo elektrik nan tout eta a pou pwoteje Nouyòkè yo kont blakawout move tan yo, tankou 4.9 milya dola ki te envesti nan Long Island, pandan dis dènye ane ki sot pase yo.

Gouvènè Hochul te premye angaje li pou li etabli yon antite rezistans pèmanan nan Diskou sou Sitiyasyon Eta a li a. Nouvo Biwo pou Kay ak Kominote Rezistan pral bati sou travay GOSR la epi li pral akonpli angajman Gouvènè a pou sipòte fanmi New York yo ki toujou afekte pa Siklòn Sandy a:

- **Travay dirèkteman ak Nouyòkè yo ak kominote yo** anvan ak apre katastwòf yo, pwofite modèl pwogram ki efikas ak evolutif ki ka ede pwopriyetè kay yo pou yo konplete plis pase 11,000 pwojè reparasyon ak alèjman inondasyon, ki gen ladan plis pase 3,000 elevasyon kay.
- **Efekteyè tranzisyon san pwoblèm** soti nan repons imedyat pase nan rekiperasyon alontèm, rive nan rezistans alavni lè yo enkòpore planifikasyon alontèm nan pwosesis rekiperasyon an.
- **Avanse ekite pou Nouyòkè** ki vilnerab yo fas ak katastwòf yo lè yo mete aksan sou kritè kominote defavorize yo idantifye pa Gwoup Travay Jistis Klimatik New York (Climate Justice Working Group) la pou gide aplikasyon ekitab Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta a.

**Direktris Ekzekitif Biwo pou Kay Rezistan ak Kominote a, Katie Brennan, te deklare,** "Pwochen evènman move tan an se yon kesyon de kilè, pa si. Nou kontan kontinye travay rekiperasyon ak rezistan nou yon fason pèmanan epi kontinye bati sou reyalizasyon nou yo. Nou pral ranfòse kapasite nou pou nou travay avèk Nouyòkè yo anvan, pandan, ak apre evènman move tan yo, pandan n ap priyorize ekite ak fidbak dirèk nan moun ki nan kominote vilnerab yo tou. Mèsi Gouvènè Hochul pou vizyon w ki panse pou lavni an matyè rezistans kominotè."

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York, te deklare,** "Nan dizan depi siklòn Sandy te devaste kèk pati nan New York, yo te raple nou anpil fwa sou risk evènman move tan ak rechofman planèt la reprezante pou sekirite kominote nou yo. Jodi a, New York se yon lidè nasyonal nan konbat efè chanjman klimatik yo, epi nouvo Biwo pou

Kay ak Kominote Rezistan pral asire nou rete konsantre sou kreye lojman ki an sekirite ak apwopriye pou Nouyòkè yo, pandan n ap fè kominote nou yo vin pi vivab ak rezistan. Gras ak envestisman san parèy Gouvènè Hochul fè nan lojman, enfrastrikti ak preparasyon jeneral eta a, nou sou wout pou kreye yon avni ki pi dirab pou New York."

**Komisè DEC la ak Ko-prezidan Konsèy Aksyon Klima a, Basil Seggos te deklare,** "Evènman metewolojik ekstrèm ki baze sou klima ak tanpèt tankou Siklòn Sandy p ap disparèt epi DEC fyè dèske li fè pati anpil reyalizasyon ak anpil patnè nou yo ki soti nan tout nivo gouvènman an pou ogmante rezistans kominote a, ranfòse enfrastrikti, ak amelyore resous natirèl nou yo. Nan kad lidèchip kontinyèl Gouvènè Hochul, DEC espere kontinye rekiperasyon sa a, rekonstwi ak rezilta pwouve ki ede adrese enpakte klima a, epi asire kominote yo pi byen prepare lè pwochen gwo tanpèt yo frape."

**Reprezantan Gregory W. Meeks, te deklare,** "Nou pran yon ti poz pou nou rekonèt lavi ki te pèdi akòz Siklòn Sandy sa gen 10 zan ak destriksyon li te lakòz nan New York, sitou nan Rockaways. Pandan ke gen anpil pwogrès ki fèt pou rekonstwi New York, gen plis travay ki pou fèt. Mwen remèsye Gouvènè a pou lidèchip li ak kreyasyon Biwo pou Rekiperasyon ak Rezistans lan. Mwen espere kontinye travay ak Gouvènè Hochul ak patnè nou yo nan tout nivo pou amelyore enfrastrikti eta nou an."

**Senatè Eta a, Joseph Addabbo, te deklare,** "Sa gen dizan, Siklòn Sandy te ravaje New York epi li te kite yon tras gwo domaj apre pasaj li. Kay nan katye nou yo te detwi, biznis yo te demoli, yo pa te rekonèt espas piblik yo, epi yo te pèdi anpil lavi. Se te vrèman yon eksperyans terib pou kominote nou yo, epi nou ka toujou santi konsekans tanpèt la jiska jounen jodi a. Si nou ta tounen dèyè nan yon deseni apre, sa m sonje plis sou jou yo, semèn yo ak mwa yo apre tanpèt la se fason nou tout te reyini ansanm antanke kominote pou ede moun ki te afekte. Depi tanpèt la, nou te travay nan nivo eta a pou ranfòse kominote kotyè nou yo epi n ap travay pou aplike mezi pou alèjman kont tanpèt yo nan dlo nou yo pou nou prepare lè pwochen tanpèt la frape. Anplis de sa, n ap travay pou nou vin yon eta enèji pwòp pou ede diminye efè chanjman klimatik yo. Mwen p'ap janm bliye jou sa a ak dega nou te fè fas ak yo, men mwen p'ap janm bliye tou fòs kominote nou yo pou ralye otou youn lòt ak tounen vin pi fò toujou. Mwen vrèman apresye efò Gouvènè Hochul fè, pandan eta a rete vijilan pou l prepare pou li adrese efè chanjman klimatik yo ak tanpèt alavni yo, lè nou konstwi sou travay GOSR fè ak Biwo pou Kay ak Kominote Rezilyan ki fèk fòme a."

**Manm Asanble Stacey Pheffer Amato, te deklare,** "Kreyasyon Biwo Rekiperasyon ak Rezilyans Tanpèt la nan men Gouvènè a se yon bèl nouvèl pou kominote nou yo. Pandan n ap komemore deseni apre Siklòn Sandy a, li enpòtan anpil pou nou sonje nan ki pwèn nou te deja rive, ak ki jan nou te montre nou rezistan, espesyalman nan South Queens. Pandan ke nou ap rebati, gen plis travay ki pou fèt epi nouvo Biwo sa solidifye yon angajman pou ede gide ak asire siksè kontinyèl nou nan tout efò rekiperasyon tanpèt la."

**Prezidan Minisipalite Queens lan, Donovan Richards, te deklare,** "Li difisil pou nou kwè ke sa fè 10 zan depi Siklòn Sandy te devaste kominote isit yo isit la nan Queens ak

atravè eta a. Men, kòm chanjman klimatik kontinye ap parèt tèt lèd li, nou tout dwe opere ak kwayans ke gen plis tanpèt tankou Sandy alavni. Avèk kreyasyon nouvo biwo eta pèmanan sa a, mwen kwè New York pral pi prepare pase avan pou jere pi move bagay nan sa Manman Lanati ka voye sou wout nou. New York defini pa rezistans nou fas ak advèsite. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li asire ke sa ap toujou kontinye fèt la."

**Avoka Distri Queens Ian, Melinda Katz, te deklare,** "Siklòn Sandy te pote devastasyon san parèy nan Konte Queens. Nan 10èm anivèsè sa a, nou kontinye sonje moun nou te pèdi yo epi rekonèt pèseverans tout moun ki lavi yo te chanje pou tout tan pa tanpèt la. Malerezman, move tan ap vin depolizantpli frekan akòz enpak chanjman klimatik la, epi nou dwe kontinye bati pi bon enfrastrikti ki pi solid pou pwoteje katye nou yo Eta New York, nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, ap trase wout la nan rekiperasyon apre tanpèt ak efò rezistans kotyè yo epi nouvo antite Eta a yo te anonse jodi a pral kontinye travay sa a pou ede kenbe nou an sekirite ak pwospere."

**Reveran Doktè Leslie Mullings te deklare,** "Kominote nou an te devaste yon fason inik pa destriksyon Siklòn Sandy epi pwosesis rekonstriksyon an pa te fasil. Men, nou beni pou nou gen lidè tankou Gouvènè Kathy Hochul ki te fè angajman yo klè anvè kominote nou an. Pandan n ap sonje laterè oktòb 2012 yo ak sila nou te pèdi yo, nou repran angajman nou nan batay pou rezistans, rekonstwiksyon ak rekiperasyon an."

Rapò 10 èm anivèsè a bay yon revizyon konplè sou inisyativ rezistans GOSR ki fini epi ki kontinyèl yo nan domèn sa yo pou sipòte rekiperasyon New York la.

### **Rekiperasyon Lojman**

Pwogram pou pwopriyetè kay ki te konplete kounye a te bay 1.27 milya dola direkteman bay Nouyòkè pou sipòte fini plis pase 11,000 pwojè rekiperasyon ak rezistans lojman, ki gen ladan 3,500 elevasyon kay ak plis pase 400 rekonstriksyon.

Pwogram Rach NY Rising (NY Rising Buyout Program) la te retounen 615 pwopriyete ki te domaje nan tanpèt la nan eta natirèl yo avèk siksè — ki gen ladan 423 nan Staten Island, 130 nan Long Island, ak 62 nan pati Nò Eta — ki pèmèt yo sèvi kòm yon tanpon kotyè atirèl ki pral pwoteje kominote ki antoure yo pou tout tan.

Pwogram volontè a te bay 276 milyon dola bay Nouyòkè yo ki te vle deplase epi yo pa te vle rekonstwi, pandan y ap fè yon investisman estratejik nan dirabilite alavni nan eta a. Zòn natirèl yo ede adapte yo ak efè chanjman klimatik yo lè yo absòbe dlo lapli epi redwi inondasyon yo. Yo ede tou redwi kabòn nan atmosfè a, sa k ap diminye polisyon ak amelyore kalite lè a. Jouk jounen jodi a, pwogram sa a te mete tè disponib pou pwojè Dig Maritim Staten Island (Staten Island Sea Wall), Lig Foutbòl Jèn Staten Island (Staten Island Youth Soccer League), yon varyete patnè lokal nan Long Island.

### **Rekonstriksyon ak Enfrastrikti Kominotè**

Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising GOSR la te angaje moun ki gen enterè lokal yo nan pwosesis rekiperasyon ak rezistans alontèm nan kominote pa yo epi li te ede devlope pwopozisyon pwojè ki te konsantre sou bezwen espesifik pa yo ak byen yo apre Siklòn Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee.

Jouk jounen jodi a, pwogram nan te travay ak patnè benefisyè eta, lokal, ak patnè san bi likratif yo pou fini plis pase 200 pwojè ak pwogram rezistans pou yon total 306 milyon dola atravè Eta a, ak plis pase 80 ki nan faz konstriksyon kounye a. Pwogram 625 milyon dola te kontinye ede kominote yo reponn ak tanpèt fiti yo, k ap fèt pi souvan pandan klima nou an ap chanje.

Gouvènè a te mete aksan sou envestisman 45.5 milyon dola Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising lan te fè nan Rockaways ak Breezy Point, ki gen ladan pwojè fini kounye a:

1. 1.3 milyon dola fòmasyon preparasyon pou òganizasyon san bi likratif ak pwogram devlopman mendèv nan Far Rockaway
2. 2.4 milyon dola amelyorasyon elektrisite sekou ak rezistans nan enstalasyon kominotè esansyèl yo nan Far Rockaway - Young Israel nan WaveCrest ak Bayswater, Sant Sante Addabbo ak Lopital Episkopal St. John
3. 4.5 milyon dola Peyizaj Lari nan Anba Lavil Far Rockaway (Downtown Far Rockaway Streetscape), ki amelyore sistèm drenaj yo pandan y ap fè anba lavil la pi fasil pou pyeton ak pi aksesib
4. 11.7 milyon dola drenaj ak jesyon dlo lapli atravè kominote Breezy Point lan
5. Atravè program enfrastrikti li yo, Eta a te konplete tou 12 pwojè a gran echèl ki totalize 218.4 milyon dola

### **Rebati atravè Konsepsyon**

Nan mwa jen 2014, Depatman Lojman ak Devlopman Iben (Housing & Urban Development, HUD) Etazini te anonse ganyan yo nan kad konpetisyon inovan Rebati atravè Konsepsyon (Rebuild By Design) li a ki se yon konkou ki ankouraje planifikasyon entèdisiplinè, konsepsyon, ak konpayi enjenyeri yo kreye plan pou efò rekiperasyon ak rezistans yo.

Inisyativ Living with the Bay ki koute 125 milyon dola vize ogmante rezistans kominote yo bò Mill River nan Konte Nassau nan diminye domaj ki soti nan vag tanpèt yo; pou pi byen jere dlo lapli, amelyore kalite abita ak dlo; epi ogmante aksè ak Mill River nan alafwa opòtinite edikatif ak ogmantasyon opòtinite lwazi.

GOSR fini de premye nan uit Dig Vivan (Living Breakwaters) yo, ki se yon pwojè 107 milyon olaj zòn kòt Tottenville, nan Staten Island. Living Breakwaters se yon pwojè enfrastrikti kotyè vèt inovan ki fèt pou redwi oswa ranvèse ewozyon ak domaj ki soti nan vag tanpèt yo, amelyore sante ekosistèm Raritan Bay epi ankouraje jesyon dlo ki toupre rivaj nou yo epi jeneralman amelyore eksperyans moun yo sou rivaj sid Staten Island la.

## Sipò pou Ti Biznis yo

Pwogram pou Ti Biznis NY Rising (NY Rising Small Business Program) ki te fini kounye a te fasilite reparasyon, rekonstriksyon, ak kapital travay pou ti biznis ki te afekte anba tanpèt yo atravè eta a — rekonèt gwo wòl yo jwe nan ekonomi eta a. Pwogram nan te bay plis pase 52 milyon dola pou plis pase 1,000 ti biznis.

Rapò konplè a disponib isit la sou sitwèb GOSR la: [www.storm-recovery.org](http://www.storm-recovery.org)

## Rezilyans kont Tanpèt ak Pwogrè pou Ranfòse Rezo Elektrik

Anplis de rapò 10èm anivèsè a, Gouvènè Hochul te anonse ke eta a te envesti 19 milya dola nan ranfòse rezo elektrik pandan dis dènye deseni an. Envestisman ki fèt jiskaprezan gen ladan inisyativ pou ranfòsman, rezistans ak fyabilite kont tanpèt, ak jesyon vejetasyon.

- yo te envesti 4.9 milya dola nan rezo elektrik Long Island lan, amelyore preparasyon kont tanpèt epi sa ki lakòz yon rediksyon 35% nan kliyan k ap fè fas ak blakawout yo.
- 49 milyon dola envesti pou reziste fas ak tanpèt ak elve twa sousstasyon Rockaway (Arverne, Far Rockaway, ak Rockaway Beach) pi wo pase nivo inondasyon 500 ane a.
- 10 milyon dola pou ranfòsman uit sikwi distribisyon Rockaway, ki gen ladan enstale poto ak fil ki pi solid, epi deplwaye yon pwofil etwat re-amenaje pou limite domaj branch pye bwa k ap tonbe yo.

An patenarya ak Eta New York ak Vil New York, Kò Jeni Lame Ameriken (U.S Army Corps) an ap avanse Pwojè Rediksyon Risk Tanpèt Kotyè Rockaway ak Jamaica Bay ki koute 600 milyon dola, ki gen ladan konstriksyon sou alafwa rivaj Atlantik ak Jamaica Bay nan penensil Rockaway la.

- Nan litoral Atlantik la, pwojè a gen ladan konstriksyon yon din sab ki eleve ki ranfòse ak yon tòn an asye entèn ak wòch antere, 19 arèt wòch nouvo oswa reyabilite pou kenbe sab sou plaj la epi kase vag yo, ak yon nouvo estrikti ki travèse din lan pou sipòte aksè piblik la.
- Nan Jamaica Bay, pwojè a gen ladann yon seri dig ki pi piti, mi kont inondasyon ak lòt karakteristik pou bay pwoteksyon kont evènman inondasyon ki pi piti epi ki rive pi souvan nan zòn ki ba yo nan katye Hammels, Edgemere ak Arverne.

Anplis de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònman Eta New York la te patisipe nan pwojè ak etid ki totalize plis pase 5 milya dola nan envestisman eta ak federal atravè Vil New York ak Long Island pou avanse pwojè rekiperasyon ak rezistans. Travay adisyonèl pou bay pwoteksyon alontèm kont vag tanpèt mòtèl ak inondasyon ap fèt. Pwojè prensipal Eta New York ak lokal yo enkli:

- Rekonstwiksyon Rezistan Etablisman Reparasyon Dlo South Shore (South Shore Water Reclamation Facility Resilient Rebuild) (830 milyon dola) - yon rekonstriksyon rezistan konplè ansyen Izin Tretman Dlo Ize Bay Park la pou pwoteje l kont yon tanpèt nan nivo 500 ane.
- Pwojè Transpò Bay Park (Bay Park Conveyance Project) (439 milyon dola) pral transpòte dlo ize nan oseyan an, pou ranfòse pwoteksyon natirèl kont inondasyon nan Western Bays Long Island yo.
- Entèkoneksyon Dlo Ize Long Beach (Long Beach Waste Water Interconnect) (130 milyon dola) pral konvèti ak ranfòse izin tretman dlo ize ki egziste nan Long Beach la.
- Inisyativ Rezistans Kotyè Konte Suffolk (Suffolk County Coastal Resiliency Initiative) (408.8 milyon dola) ap amelyore sistèm septik ak egou nan kay yo nan Babylon, Mastic-Shirley.
- Pwojè Basen Vèsan Rivyè Patchogue (Patchogue River Watershed Project) (21 milyon dola) pral konekte apeprè 500 kay nan basen vèsan rivyè a ak sou Great South Bay pou redwi ekoulman nitwojèn epi kreye rivaj ki pi an sante, pou diminye enpak inondasyon yo.

Enkli Siklò Sandy, Eta New York te resevwa 13 Deklarasyon Dezas Prezidansyèl nan deseni ki sot pase a. Sa te pèmèt New York resevwa prèske 27 milya dola nan finansman Asistans Piblik federal pou retabli enfrastrikti ki andomaje yo, ansanm ak prèske 1.4 milya dola nan finansman federal pou Diminisyon Danje pou sipòte planifikasyon alontèm pou diminisyon danje ak pwojè ki vize pou amelyore rezistans kominote a.

Finansman sa a kontinye administre pa Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) epi li sipòte dirèkteman pwojè rezistans ak rekiperasyon enpòtan ki soti dirèkteman nan Siklòn Sandy, tankou:

### **Asistans Piblik**

- **Otorite Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) - 2.9 milya dola** - pou reparasyon, restorasyon, pwoteksyon vag tanpèt ak mezi mitigasyon nan 35 konplèks lojman ki domaje atravè senk minisipalite, ki gen ladan 20 devlopman NYCHA ki te resevwa nouvo sistèm chofaj ak dlo cho ki loje nan estrikti ki wo ak ki pwoteje kont inondasyon. Anplis de sa, kounye a 201 bilding gen jeneratris pèmanan ak chaj konplè pou si yo ta gen blakawout.
- **Otorite Elektrik Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA) - \$1.4 milya dola**- pou reparasyon enfrastrikti enpòtan ak rediksyon sou tout sistèm distribisyon elektrik yo, ki gen ladan efò pou elve oswa deplase ekipman nan

soustasyon ki andomaje pandan Siklòn Sandy a ak ranfòse liy transmisyon ki andomaje yo.

## Diminisyon Danje

- **Otirite Pòtyè NY/(Port Authority of NY)/Kontwòl Inondasyon NJ LaGuardia (NJ LaGuardia Flood Control) (Queens) - 40.6 million dola** - pou kreye yon mi kont inondasyon ozalantou vout ak estasyon ekleraj pwent lès la, ansanm ak enstalasyon jeneratè epi ajoute drenaj pou sipòte estasyon ponpaj dlo lapli.
- **Otirite Pòtyè NY/Baraj kont Mare nan Ayewopò NJ JFK (NJ JFK Airport Tide Gates) (Queens) - 6.0 milyon dola** - pou enstale plizyè aparèy prevansyon ranfoulman nan pwent nòdwès ayewopò a.
- **Inisyativ Rezistans Kotyè Konte Suffolk - 409 milyon dola** - pou retire jiska 5,559 pasèl ki nan sistèm septik yo ak nan fòs yo epi konekte nouvo sistèm egou yo epi tou pou konstwi yon nouvo enstalasyon tretman dlo ize dènnye modèl nan basen vèsan Forge River a.
- **Pwojè Rezistabs Bè Lwès Konte Nassau (Nassau County Western Bays Resiliency Project) - 532 milyon -dola** pou retire jiska 90 pousan chaj nitwojèn nan yon zòn ki deja konpwomèt pou amelyore kalite dlo nan Bè Lwès yo. Pwojè a gen ladan konstriksyon yon nouvo estasyon ponp nan Bay Park, enstalasyon yon fòs prensipal 3 km atravè mikwo tinèl soti nan Bay Park rive nan Sunrise Highway, re-itylizasyon yon kanal 11.7 km sou Sunrise Highway, ak enstalasyon yon 2.5 km fòs prensipal atravè mikwo tinèl soti nan Sunrise Highway rive Cedar Creek.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418